Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 46 (7395)
31 Октябрь 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
## ГЛАВА МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН»

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от «21» 10 2019 г. № 140

**О внесении изменений в постановление администрации муниципального образования «Унцукульский район» 03 июля 2009 №96 «О введении новых систем оплаты труда работников муниципальных учреждений Унцукульского района»**

Во исполнение постановлений Правительства Республики Дагестан от 03 марта 2017 №53 «О внесении изменений в постановление Правительства Республики Дагестан от 28 апреля 2009 №117» и от 27 февраля 2019 №27 «О внесении изменения в приложение №3 к постановлению Правительства Республики Дагестан от 28 апреля 2009 года №117 «О введении новых систем оплаты труда работников государственных учреждений Республики Дагестан», постановляю:

1.Внести изменение в постановление администрации муниципального образования «Унцукульский район» 03 июля 2009 №96 «О введении новых систем оплаты труда работников муниципальных учреждений Унцукульского района» следующего содержания:

а) пункт 1 изложить в следующей редакции:

«1.Ввести в течение 2009 года новые системы оплаты труда работников государственных бюджетных учреждений Унцукульского района (далее - учреждения) и работников государственных органов Республики Дагестан, оплата труда которых осуществляется на основе Единой тарифной сетки по оплате труда работников муниципальных учреждений Унцукульского района (далее-работники).».

2. Внести изменение в приложение №1 к постановлению администрации муниципального образования «Унцукульский район» 03 июля 2009 №96 «О введении новых систем оплаты труда работников муниципальных учреждений Унцукульского района» следующего содержания:

В пункте 9:

а) абзац 1 изложить в следующей редакции:

«Орган местного самоуправления муниципального района – главные распорядители средств республиканского бюджета Республики Дагестан, в ведении которых находятся учреждения, устанавливают руководителям этих учреждений выплаты стимулирующего характера по результатам достижения показателей эффективности деятельности учреждения и работы его руководителя, утверждаемых органом местного самоуправления муниципального района, осуществляющим функции и полномочия учредителя этого учреждения, за соответствующий период.»;

б) абзац 2 и 3 исключить;

в) дополнить абзацами 2,3 и 4 следующего содержания:

«Предельный уровень соотношения среднемесячной заработной платы руководителей, заместителей руководителей, главных бухгалтеров учреждений и среднемесячной заработной платы работников этих учреждений (без учета заработной платы руководителя, заместителей руководителя, главного бухгалтера) определяются нормативным правовым актом органа местного самоуправления муниципального района, осуществляющего функции и полномочия учредителя соответствующих учреждений, в кратности от 1 до 5.

Соотношение среднемесячной заработной платы руководителей, заместителей руководителей, главных бухгалтеров учреждений и среднемесячной заработной платы работников этих учреждений, формируемой за счет всех источников финансового обеспечения, рассчитывается за календарный год. Соотношение среднемесячной заработной платы руководителя, заместителей руководителя, главного бухгалтера учреждения и среднемесячной заработной платы работников учреждения определяется путем деления среднемесячной заработной платы соответствующего руководителя, заместителя руководителя, главного бухгалтера на среднемесячную заработную плату работников этого учреждения. Определение среднемесячной заработной платы в указанных целях осуществляется в соответствии с Положением об особенностях порядка исчисления средней заработной платы, утвержденным постановлением Правительства Российской Федерации от 24 декабря 2007 года N 922 «Об особенностях порядка исчисления средней заработной платы.»;

При установлении условий оплаты труда руководителю учреждения орган местного самоуправления муниципального района должен исходить из необходимости обеспечения непревышения предельного уровня соотношения среднемесячной заработной платы, установленного в соответствии с абзацем пятым настоящего пункта, в случае выполнения всех показателей эффективности деятельности государственного учреждения и работы его руководителя и получения выплат стимулирующего характера в максимальном размере.»

3. Внести изменение в приложение №3 к постановлению администрации муниципального образования «Унцукульский район» 03 июля 2009 №96 «О введении новых систем оплаты труда работников муниципальных учреждений Унцукульского района» следующего содержания:

а)абзац 2 примечания изложить в следующей редакции:

«при этом следует учитывать, что объем средств на указанные выплаты должен составлять не менее 15 процентов (не менее 5 процентов для работников образовательных учреждений) средств на оплату труда, формируемых за счет бюджетных ассигнований районного бюджета Унцукульского района.».

4. Изменения вносимые в абзац 2 примечания распространяются на правоотношения возникшие с 01 января 2019 г.

4. Настоящее постановление опубликовать в районной газете «Садовод» и на официальном сайте администрации МО «Унцукульский район».

**Глава МО «Унцукульский район»**
**И. М. Нурмагомедов**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от « _15__» 10 ___________2019 г. № 128______

**О повышении размеров должностных окладов работников муниципальных учреждений МО «Унцукульский район», замещающих должности, не являющиеся должностями муниципальной службы МО «Унцукульский район», и работников централизованных бухгалтерий, финансируемых из районного бюджета МО «Унцукульский район»**

В соответствии с Постановлением Правительства Республики Дагестан от 10 октября 2019 года № 245 «О повышении размеров должностных окладов работников государственных органов Республики Дагестан, замещающих должности, не являющиеся должностями государственной гражданской службы Республики Дагестан, и работников централизованных бухгалтерий, финансируемых из республиканского бюджета Республики Дагестан», **постановляю:**

1. Повысить с 1 октября 2019 года в 1,043 раза должностные оклады работников муниципальных учреждений, находящихся в ведении МО "Унцукульский район", замещающих должности, не являющиеся должностями муниципальной службы МО «Унцукульский район», и работников централизованных бухгалтерий, финансируемых из районного бюджета МО "Унцукульский район", установленные постановлением главы муниципального образования «Унцукульский район» № 4 от 31 января 2008г. и повышенные в соответствии с постановлениями Правительства PL№ 456 от 17 декабря 2009г., № 433 от 14 декабря 2012г., № 686 от 17 декабря 2013г. и №136 от 22.12.2017г.

2. Настоящее постановление вступает в силу по истечении 10 дней со дня его официального опубликования и распространяется на правоотношения, возникшие с 1 октября 2019 года.

**Глава МО «Унцукульский район»**
**И.Нурмагомедов**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от « _15__» 10 ___________2019 г. № 127 ______

**О повышении заработной платы работников муниципальных учреждений МО «Унцукульский район»**

В соответствии с Постановлением Правительства Республики Дагестан от 27 сентября 2019 года № 229 «О повышении заработной платы работников государственных учреждений Республики Дагестан», **постановляю:**

1.Повысить с 1 октября 2019 года на 4,3 процента оклады (должностные оклады), ставки заработной платы работников муниципальных учреждений, находящихся в ведении МО «Унцукульский район», на которых не распространяются указы Президента Российской Федерации от 7 мая 2012г. № 597 «О мероприятиях по реализации государственной социальной политики».

2. Финансирование расходов, связанных с реализацией настоящего постановления, осуществлять за счет средств, предусмотренных в бюджете МО «Унцукульский район» на эти цели.

3. Настоящее постановление вступает в силу с 1 октября 2019 года.

4. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на начальника отдела финансов администрации МО «Унцукульский район» Шамсудинова Ж.М.

**Глава МО «Унцукульский район»**
**И. Нурмагомедов**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 46 (7395)
Хамиз
31 октябрь 2019 сон



30 октябралда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул кабинеталда букIана хIалтIулаб дандчIвай. Гьенир гIахьаллъана Россиялъул ОМВДялъул Унсоколо районалда бугеб жанисел ишазул отделалъул нач. С. ХIажиев, Балахьуни росдал бетIер У. НурмухIамадов, школалъул директор ХI. АхIмадхъанов. ДандчIваялда гьоркьоб лъураб аслияб суал букIана Балахьуни росулъ школалде хьвадуларел лъимал цIалуде машгъур гьари. ДандчIваялда С. ХIажиевас хIисаб кьуна Балахьуни школалда полициялъул хIалтIухъабаз ва саназде рахинчIезулгун хIалтIи гьабиялъул инспеторасгун цадахъ гьабураб хал гьабиялъул. Росулъ тIатана цо-цо гIолилал школалде хьвадунгутIиялъул хIужаби. Школалъул директорасда тIадкъана гьединазда ва гьезул эбел-инсуда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе. Гьединго саназде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул комиссиялда тIадкъана хадусеб заседаниялде гьезул суал хIадуризе, гьезул ихтиярал цIуниялда хадуб хал кквезе, эбел-инсудехун законалда рекъон кколеб хIалтIи гьабизе.

ХъахIабросулъа МахIмуд гьавуралдаса - 146, хваралдаса - 100 сон

**МухIамад ХIасанов, МахIмудил фондалъул директор**

# МахIмудил гIумруялъул цере лъаларел рукIарал хIужаби



**МахIмудил гIумроялъул ва творчествалъул хIакъалъулъ гIемераб жо хъвазе бегьула. Гьесул гIелмиябги творчествалъулабги гIумро гIатIидго ва интересеб куцалда рагьана жидерго цIехрехазда ва тIахьазда профессор Ч. СагIидовалъ, Сиражудин ХIайбулаевас, АхIмад МуртазагIалиевас. Интересал ва кIвар бугел лъугьа-бахъинал ракIарана росдал учитель СагIид ГIазизовас, ГIусмахIажи МухIамадовас. Гьел печаталдаги рахъана. Амма гьедин бугониги кIудияв поэтасул, гIалим ва гIарабистасул хIакъикъат тIубанго рагьун гьечIо. СМИязги рахъула цо-цо мухIканлъи гьечIел жал гьесул ругилан.**

**Дие бокьун буго МахIмудил гIемерал суалал жинда сверухъ рижарал творчествалъул цо-цо заманабазул аслиял рахъазда тIадчIей гьабизе.**

## *ГIолохъанлъиялъул санал*

МахIмуд гьавураб сонцин батIи-батIияб къагIидаялъ бихьизабулеб буго батIи-батIиял публикациязда. Лъалеб буго ТIоцебесеб дунялалъулго рагъде ине хъвалаго МахIмудица живго гьавураб сон хисизабун букIараблъи. Рагъде росулароан 40 сонидаса тIаде гIумро арал. I9I4 соналда гьесул букIана 42 сон. Бихьулеб букIахъе лъиданиги ракIалде ккечIеб къагIидаха Пачалихъияб архивалде балагьизе киназулго гIадин I886 соналдаса нахъе ХъахIабросдерил гIадамазул гьарураб заман цIунараб. Гьеб заманалда рекъон гьебго соналъ МахIмудица бан буго I4 сон, гьесул вац ГIумарил букIун буго 5 сон, гьезул эмен ТIайгибил МухIамадил букIун буго 50 сон. У, гьесул инсуда абулаан Анасил МухIамадин гуреб ТIайгибил МухIамад,- абун. Гьев вукIана лъай бугев, Аллагьасул рахъ ккурав чи, бусурманав инсуца гIадин гьес васасда Къуръан цIализабуна ва гIарабалъ хъвазе малъана. Гьелде МахIмудица ругьун гьарулаан росдал лъималги. МахIмудил эбел ГIашура йикIана Бекьилъ росулъа. Вац ГIумар ана, кIиго ясги росулъ тун рикIкIаде хIалтIизе ва араб бакI лъачIого тIагIана. Гьесул ирсилал жеги руго росулъ.

I979 соналда Хъандулал МухIамадица эбелалъул рахъалдасан (МахIмудил дядя) яцалъе кумек гьабун гьелъул васасе МахIмудие доб заманаялъ букIараб лъай кьезе кумек гьабуна. Гьес жиндихъего Бекьилъе вачана МахIмуд. Гьений йикIана эбелалъул рахъалдасан гьесул тётя Аминатги.

Вас цIализе кьуна (гIага-шагарго I884 соналда) бусурбабазул гIалим ХIайдарил МухIамадихъе. Хадуб МахIмуд цIалана ГъойсубулиялъулI участкаялда (Унсоколо район), хадуб Авариялъул цогидал росабалъ. Къокъго абуни цIали халат бахъун буго 20 сониде гIагарун заманаялъ (I879-I899 сс.). Эбелалъул вацас нухмалъи гьабулаан гьесул цIалуе ва хьул букIана гIалимчи-теолог вахъинин.

МахIмудил хIакъалъулъ ракIалде щвеялда бицунеб буго; ХарачIиса ХIаскъилги ИнкIкIвалитIаса Шейихулисламго гIадин МахIмудги цIалана Дагъистаналъул ахирисев имам Нажмудинил эмен Гоцинскиясухъ.

I886 соналда МахIмуд цIализе ана ГIашилтIа росдал мажгиталде. Гьенирги гIумро гьабун рукIана МахIмудил гIагарлъи. ГIашилтIа рикIкIунаан бусурман лъай лъикIго кьолеб центрлъун. Гьенив гIумро гьабун вукIана гIалимчи КъурбангIали (ГIашилтIаса машгьурав гIалимчиясул васасул вас) хадувккун жив Дагъистаналъул муфтийлъун вахъарав.

МахIмудил творчествалъе кIудияб кIвар бугеб лъугьа-бахъин кана ГIашилтIа – гьев дандчIвана Авариялда доб мехалъ поэтлъунги гIалимлъунги вукIарав БакьайчIиса ЧIанкIагун. ЧIанкIаца КъурбангIалихъа росана мударисас гIадин дарсал ва жинцаго цIализарулаан гIисинал мугIалимал. Доб мехалъ ЧIанкIал букIана 2I сон, МахIмудил абуни I4 сон.

МахIмудица экзамен кьуна жиндирго рухIияв учителасе ва Темир-хан Шураялъул имамасе. Дибиримамлъун хIалтIизе лъугьана гIагараб росулъ (I899-I906 сс.). Гьес ячана РабигIат абулей яс, цадахъ бана 5-6 сон, лъимал гьечIолъиялъ ратIалъана ва Бекьилъ бакIалъулаб мажгиталда будунлъун хIалтIизе лъугьана. Гьеле гьений йихьана гьесда Муъминат (Муи). Лъабго соналъ цебе гьелъул рос хвана Гирей-авлахъалдасан чода вачIунаго гъоркье рехун.

Муи гьаюна I882 соналда Сулейманил МухIамадгIалилги ПатIиматилги (ГьотIо) хъизаналда. Гьелъул рукIана жеги кIиго яц – СалихIат ва Загьидат. I6 сон бараб мехалъ яс росасе кьуна пачаясул армиялъул полковник КъебедмухIамадие, ХIасанил васасе. Гьезие гьаруна кIиго лъимал, гьезул цIаралги рукIана ХIасан ва МухIамадгIали,- абун.

МахIмуд вукIана Муил лъималазул мугIалим ва магIишат-рукъалда гьелъие кумек гьабулаан. Гьел цоцазе рокьана ва данделъизе къасд букIана. Гьелъул гIагарлъи данде чIана ва Муие лъимал нахъе рахъилин хIинкъаби кьуна росасе ани. Гьедин гьел нахъегIан чIезе ккана.

МахIмуд нахъе ана Бекьилъ росулъа ва чIел ккуна ЦIатIанихъ росулъ. ГIемераб заманаялъ хIалтIана гьенив будунлъун ва эбел-эмен рази гьечIого ячана гьениса яс Жамилат. Ригьин батана талихI-рокьи гьечIеб. Гьел ратIалъула ва хадуб Муил разилъигун гьей хъамула ГIашилтIе. Данде рахъарал гIагарлъиялъ гьелда лъазабуна нахъе йилълъинчIони МахIмуд чIвалин. Гьесул гIумро цIуниялъе гIоло Муица гьесие ине инкар гьабула. Гьеб мехалъ абурал руго МахIмудил гьал рагIаби:

**Меседил лъиналъул тIад кьерги гьабун,**
**Пахьул букIун буго бицараб рагIи,**
**ГIарцул хъал тIад жемун, жаниб тIухьи тIун**
**Йижун йикIун йиго, ракIалъул гьудул.**

Дунялалдаса рокьи-ракI арав МахIмуд жиндиего бокьун уна рагъде ва хвелгун дандчIвазе хIаракат бахъула. ТIоцебесеб дунялалъул рагъулъ рагъулезул тарихияб архивалда МахIмуд хъван вуго Магомаев Махмуд,-абун. Гьес гьениб хъулухъ гьабун буго I9I4-I9I7 саназда ва къадилъун вукIана Дагъистаналъул 2 полкалда. Гьеб хIалтIул бакI доб заманалда бащадаб букIана командирасул заместителасулалда.

I9I5 соналъул I0 январалда гьев рагъда лъукъула. Рагъул заманалда жаниб цониги шапакъат щун гьечIо ва полк биххун хадуб вуссана гьениса тIад. Гьеб заманалда Дагъистаналдаги лъугьун букIана хIабургъараб ахIвал-хIал.

МахIмудил поэзиялъул тIасияб рахълъун рикIкIуна «Марьям» абураб поэма. Гьеб поэтас хъвана рагъул заманалда.

## МахIмудил сурат ва Муил портрет

Дагъистаналъул тарихалда данде ккезе цойги гьечIеб къиматаб артефакт кьуна музеялъе, ЦIатIанихъ росулъа I дунялалъул рагъул гIахьалчиясул сурат, ЦIатIанихъ росулъа Сулейманов МухIамадица. Дагъистаналъул классикаялъул ва тарихалъул кIудияв гьудул Бигиши Чаниевас бицана: Гьаб унго-унголъунги М. Сулеймановасулги МахIмудилги рагъул заманаялъ бахъараб сурат буго, балагьараб мехалъ гьезда



аскIов цойги лъабабилев чи чIун вукIун вуго, хадув репрессировать гьавурав, Сулеймановас гьев нахъе къотIун вуго.

Сулейманов хун вуго I977 соналда. Санал рарав чи вугониги лъикIго ракIалда жо чIолаан гьесда. Гьес бицараб буго МахIмудил рахъалъ рагъда ккарабги ва цогидал рагъда рукIаразги гьеб ритIухъ гьабуна.

КIудиясул архивалда сурат батана Сулеймановасул васасул вас Алхас Набиевасда. Заман ун хадуб фондалъе гьеб кьуна Гьиматов Ибрагьимица – 30 соналъ Унсоколо райкомалъул I секретарьлъун хIалтIарав Гьиматов МухIамадил васас. Гьеб сураталдаса фрагмент ккола гьаб МахIмудил сурат.

Буго Муил художественнияб портретги. Гьеб бахъун буго машгьурав художник Мусаевас Мавровасул типографиялда хIалтIулеб мехалъ. Гьеб портреталъул фотокопия фондалде кьуна республикаялдаго машгьурав врач Бекьилъа ХIайдаров ХIажи Махаевичас. Гьев ккола Муил гIагарав чи. Гьевго художникас бахъараб портрет фондалъе кьезе рагIи кьун буго гьесул гIагарав чи Мусаев МухIамадицаги.

**(Хадусеб букIине буго)**

# Делегация района приняла участие в обсуждении промежуточных итогов гос. кадастровой оценки

В Правительстве Республики Дагестан проходит цикл совещаний с представителями муниципалитетов по анализу промежуточных итогов государственной кадастровой оценки.

24 октября представители Унцукульского района в лице заместителя главы района Магомедова Абдулмуталима, так же Председателя районного Собрания Юсупова Магомеда, помощника главы администрации по вопросам строительства Омаргаджи Омарова, начальника отдела экономики Адуева Муслима, начальника МКУ «Служба земельно-кадастровых и имущественных отношений» Малламагомедова Магомеда, руководителя пресс-службы района Хайбулаева Магомеднаби приняли участие в совещании по обсуждению промежуточных итогов государственной кадастровой оценки, которое прошло в Правительстве Республики Дагестан.

В мероприятии приняли участие вице-премьер Республики Дагестан Екатерина Толстикова, Министр по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестана Агарагим Кагиргаджиев, руководитель ГБУ РД «Дагтехкадастр» Александр Беднягин, представители администраций муниципальных образований, муниципальные депутаты, депутаты республиканского парламента, представители Министерства экономики и территориального развития Республики Дагестан и другие

Отметим, что для проверки промежуточных результатов кадастровой оценки используются ценовые карты территорий с разбивкой на ценовые зоны, представленные муниципалитетами.

В ходе мероприятия начальника МКУ «Служба земельно-кадастровых и имущественных отношений» Унцукульского района Малламагомедов Магомед рассказал о замечаниях к промежуточному отчёту, а так же для проверки промежуточных результатов кадастровой оценки представил ценовые карты территории района с разбивкой на ценовые зоны Для выбора точечного контроля результатов были представлены фотографии и характеристики объектов оценки, стоимость которых в промежуточном отчете, по мнению районных представителей, оказалась завышенной.

При совместном анализе были обнаружены объекты, дата постройки, материалы стен или площадь которых внесены в ЕГРН с ошибками.

Александр Беднягин подчеркнул, что текущая версия отчёта неокончательная. И на основе информации, полученной от заявителей (МО, физических и юридических лиц), он будет меняться: ещё не все замечания учтены «Дагтехкадастром».

Агарагим Кагиргаджиев пояснил, что период приёма замечаний заканчивается, но оценку можно будет скорректировать и после утверждения отчёта о государственной кадастровой оценке: с 1 января начнётся период подачи заявлений на исправление ошибки.

Также муниципальным образованиям напомнили про льготы, установленные Налоговым кодексом: платежи по земельному налогу не смогут расти более чем на 10% к сумме, которую человек заплатил за предыдущий год. А к налогу на имущество применяется понижающий коэффициент 0,2.

Совещание прошло в деловой и конструктивной обстановке.

# День судебного пристава РФ

День судебного пристава Российской Федерации — это профессиональный праздник — людей, выполняющих задачи по обеспечению установленного законами государства порядка деятельности судов, а также по исполнению всех судебных актов и актов специально уполномоченных органов. Отмечается этот день ежегодно 1 ноября, начиная с 2009 года.

Необходимость возрождения института судебных приставов возникла после перестройки и распада СССР, так, как в советском государстве, неисполнение судебных решений вело к немедленным карательным мерам и потому, деятельность приставов не была востребована. Возрождение службы судебных приставов относится к 1997 году с принятием Федеральных законов № 118-ФЗ от 21 июля 1997 года «О судебных приставах» и № 119-ФЗ от 21 июля 1997 года «Об исполнительном производстве», которые вступили в силу 6 ноября 1997 года.

Служба приставов достаточно прочно состоялась, как ветвь государственной власти и является одной из структур правоохранительных систем России в рамках, которой все сотрудники исполняют свои возложенные на них функциональные обязанности в соответствии с законом и требованиям власти.

На сегодняшний день в отделе судебных приставов по Унцукульскому и Гумбетовскому району служат 15 государственных служащих. Среди них начальник отдела – Дахадаев А., зам. начальника отдела Амиргамзаев Г., судебный пристав исполнитель Абдулаев Х., 12 судебных пристав по обеспечению установленного порядка деятельности и один старший специалист по делопроизводству и архивной работе Магомедалиева П.

Все они ежедневно находятся в судах, где собственно и обеспечивают безопасность судьи и участников судебного процесса, общественный порядок в здании судов и в ходе судебного процесса. Являются основой службы, заслуживают благодарность и уважение. Кроме того, они в ответе не только за престиж профессии судебного пристава, но и доверие и уважение граждан.

И сегодня, в преддверии их профессионального праздника поздравляем всех служащих отдела ОСП по Унцукульскому и Гумбетовскому району УФССП России по РД, а также в их лице всех судебных приставов. Хотим пожелать им новых достижений в профессиональной деятельности, терпения, честности, и всегда быть на стороне правды, успешно и справедливо, неся свою службу.

Фестиваль

# «Инагьде, дир пандур!»




Дагъал церегӀан къоязда районалъул Шамильхъала поселокалда тӀобитӀана гӀадатлъун лъугьараб иргадулаб «Инагьде, дир пандур!»,- абураб пандуралда цадахъ кечӀ ахӀулезул фестиваль. Гьеб исана районалда тӀобитӀана I5 нухалда. Фестиваль бухьараб букӀана жакъа къоялдеги жиндир магӀна хвечӀеб ва гӀодобе ккечӀев лирик ХъахӀабросулъа МахӀмудил творчествоялда. Гьебго заманалда ана «Авар кучӀдузул сордо», абураб фестивальги. Гьеб районалда унеб буго 4 нухалда.

Праздник гӀуцӀараллъун цере рахъана республикаялъул творчествалъул Рукъалъул нухмалъулел, районалъул администрация ва «Унсоколо район» МОялъул культураялъул отдел.

Гьеб къо лъугьана хириял гьалбал гӀемераблъун. Гьезда гьоркьор рукӀана: М-Р. МухӀамадрасулов – Авар театралъул директор, Д. Махиев – общественнияв хӀаракатчи ва гӀалимчи, политолог, публицист ва гӀемерал цогидалги.

Фестивалалда цере рахъана Россиялъул традиционнияб культураялъул жалго руӷунлъарал артистал. Нилъер районалдаго цадахъ гьенир гӀахьаллъана Гъуниб, ЦӀунтӀа, Болъихъ, ГӀахьвахъ, ЧӀарада, Гумбет, Хунзахъ районазул махщел тӀокӀал вакилзабиги.

Гьалбадерида цеве саламалъул каламгун кӀалъазе вахъана культураялъул отделалъул нач. ГӀ. ГӀабдулаев ва гьес рагӀи кьуна районалъул бетӀерасе.

Жиндирго кӀалъаялда ГӀ. НурмухӀамадовас тӀадчӀей гьабуна: «Жакъа нилъеца салам кьолеб буго нилъер республикаялъул районазул творческиял коллективазе. РакӀчӀараб буго нужер махщалие унго-унгояб къимат кьелин балагьараз, нужер нужерго ишалдехун бугеб рокьи, гьелъие ритӀухълъи ритӀухъ гьабулеб бербалагьи букӀинин балагьизе рачӀаразул рахъалдасан ва цогояб рохел чвахилин киназулго ракӀазулъе»,-абун.

Фестиваль рагьана районалъул «Унцукуль» хореографическияб ансамблялъ. Хадур цере рахъана конкурсалъул гӀахьалчагӀи. Киналго гӀахьалчагӀазе кьуна дипломал ва сувенирал.

Праздник гӀуцӀаразул рагӀабазда рекъон фестивалалъ кумек гьабула халкъияб творчествалдехун интерес, нилъерго умумазул музыкалиял инструментаздехун рокьи бижизабиялъе, гьединго щибаб фестивалалда Унсоколо районалъул гӀадамазе щола жеги цӀиял гьудулзаби.

Жидерго мисалалдалъун «Инагьде, дир пандур!» фестивалалъ кумек гьабула патриотикияб рухӀалда гӀолеб гӀел куцаялъе, рухӀияб бечелъи цебетӀезабиялъе, цебегосеб халкъияб культураялдехун гӀадамазул рокьи бижизабиялъе.

Школал

# Хасалиде хӀадур руго

Дагъал церегӀан къоязда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда тӀобитӀана районалъул лъай кьеялъул школазул директорзабазул совешание. Совещание ана лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухӀамадгӀалиевасул нухмалъиялда гъоркь.

Къойил темаялда рукӀана: «ОО-I» отчетал кьей, «Хасалил сезоналде школал хӀадури», «Хъизаналъулаб лъай кьей», «Уставалда хиса-баси гьаби», «Предметниял ассоциациязул хӀалтӀул хӀакъалъулъ» ва цогидалги суалал.

Киналго суалал гьоркьор лъун хадуб - педагогазул тӀадал ишаздехун профессиналияб дандеккей суал гун кӀалъана Г. ГӀабдулаева. Жиндирго кӀалъаялда З. ХӀусейновалъ борхана «Учитель Дагестана» ва цогидалги учительзабазул газетал, гьединго районалъул «Ахихъан» газета хъвазе ккеялъул суал. З. НурмухӀамадовалъ кӀвар буссинабуна аслияб лъай кьеялда цадахъго кружоказул хӀалтӀиги гӀадахъ босиялде.



Лъай кьеялъул учреждениязда киналго информаци ял лъезе хасаб сайт букӀине ккеялъул бицана инструктор-методист ГӀ. МухӀамадгӀалиевалъ.

Совещаниялъул гӀахьалчагӀазе жидецаго къурал суалазе чӀванкъотӀарал жавабалги щвана.

# ЧахIияб гIелалъул гIадамал кIодо гьаруна



ЧIахIияб гIелалъул гIадамазул Къо Россиялдаго кIодо гьабула щибаб соналъ тIоцебесеб октябралда.

Дагьал церегIан къоязда, районалъул халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулеб Централъ Унсоколо росдал чIахIияб гIелалъе хъулухъ гьабулеб отделениялъул заведующая НурмухIамадова ПатIиматил нухмалъиялда гъоркь 20 гIанисев чиги вугеб къокъаги бачун зияраталъ сапар бухьана «АхIулгохIде». Гьенире ниж щвелалде нижеда гъуждулги гурун хIалтIулел ратана гьеб комплексалъул директор ГIалиев СултIанмухIамадги кIиго гIолохъанчиги.

Саламги буссинабун гьез нижеда бицана тIаде рачIаразе санагIалъаби гьаризе хIалтIулел ругилан. Нижеца гьезие гьарана Аллагьас къуват кьегиян ва сах-саламатго БетIергьанас тагиян. БукIахъе хIалтIиги тун, нижер мурадги бичIун, СултанмухIамадица нижеда бицана Шамил Имамасулги «АхIулгохIалъулги» къисматалъул ва тарихалъул. Нижеца гьесие цо чанго суал кьуна, гьесги цIакъ мухIканго, гIенеккаразе асар гьабиледухъ, чIван къотIун жавабалги кьуна. Хадуб дугIа-алхIамги гьабун, ракIалде щвеялъул сураталги рахъун, нижеца сапар бухьана «Сосна» лагералде. Гьениб нижеца лъай-хъвай гьабуна лагералъулгун, рихьана лъималазе гьенир ругел лъикIал шартIалги ва ресалги. НурмухIамадова ПатIиматицаги гьелда цадахъ рукIарал хIалтIухъабазги лъикIаб, киналго разияб кIалъай хIадурун бугоан цадахъ ругезе. Цадахъ рукIараз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна Централъул нухмалъулей ГI-ГI. ГьиматовалЪе ва П. НурмухIамадовалъе, тIолабго районалъул халкъалъе хъулухъ гьабулеб комплексалъул Централъул хIалтIухъабазе, чIахIияб гIелалдехун бугеб бербалагьиялъухъ, чIезарун ругел шартIазухъ, гьабулеб хъулухъалъухъ. Гьарана гьезие щулияб сахлъи, халатаб гIумру, хIалтIулъ цебетIей. Бицана гьениб гьединал тадбираз гIадамазул ракIал цоцалъ жураялъул, цоцадехун божилъи цIикIкIиналъул, гIун бачIунеб гIелалъе гьелъул букIине бугеб кIваралъул. Тепсиялдаса хадуб хIана шахматал ва волейбол. Какалги ран, роха – хинлъун, разиго сапар бухьана рокъоре. Аллагьас киналго зияраталъ «АхIулгохIде» сапар бухьун букIарал щиназул зияратги къабул гьабун батаги, иманги жеги чорхолъ бессаги!

**МухIамадов Сулейман**

# Унсоколо «Ас-саламалъул» мажлис

I8 октябралда Унсоколо районалъул Унсоколо росулъ тIобитIана гIалимзабазул мажлис. Къо гьитIинлъун букIинги хIисабалде босун данделъи байбихьана боголил какдаса хадуб. Мажлис рагьана ХIамзат-хIажица Къуръаналдаса хириял аятал цIалиялдасан, хадув кIалъазе вахъарав гIалим ХIасанхIелми-хIажица гъваридго гъорлъе ваккун бицана жакъа къоялъ хвел-хобалда, ригьин гьабиялда сверухъ хIалтIизарулел ругел гIадатаз гIадамазе гьабулеб бугеб кIудияб заралалъул. «Гьенир гьарулел харжал нилъго метерисеб къоялъ рохизе рукIине билъанхъулеб садакъаялъе (мажгит, мадрасаялъе, нухал, кьоязе, лъим бахъиялъе, пихъил гъутIби чIеялъе) сверизабуни пайда цIикIкIараб буго»,-ян гIакълу кьуна гIалимчияс. МугIрузул районазда тIад вугев муфтияталъул вакил ХIабиб-хIажица тIадчIей гьабуна диналъул вацалги яцалги цоцазулъ лъикI рукIине ккеялде, гьитIинго куцазе кколин лъималазулъ лъикIаб гIамал-хасиятилан бихьизабуна гьес. Кутакалда асар гьабулеблъун букIана муфтиясул кумекчи Идрис-хIажил вагIза-насихIат. Гьес бицана Макка шагьар бахъун хадуб аварагас (с.т.гI.в.) живго Маккаялдаса къватIиве къотIараздехун гьабураб гурхIел-рахIмуялъул хIакъалъулъ, гьелъие нугIлъи гьабулел гIемерал хIужабиги рехсон. ВагIзабазда гьоркьо-гьоркьоб ахIана мавлид, «Ас-салам» газеталъул пайдабазул бицунел назмаби, исламалда хурхарал суалазе битIун жаваб кьуразе кьуна диниял тIахьал. Мажлис гIенеккаразе цIакъ бокьиледухъ нухда бачана Камил-хIажица. Унсоколо росулъ гьанжеялдего 2020 соналъе «Ас-салам» газетаялъе подписка гьабуразда гьоркьоб можоро бахъун бергьинабуна багьа хирияб телефон. Ахиралда Унсоколо росдал администрациялъул бетIер ХIабиб-хIажица гьалбадерие кьуна баркалаялъул кагътал ва къиматал сайгъатал.

**МухIаммад ГЪАЗИМУХIАММАДОВ.**

Конкурс

# «Дагъистан-дир гъасито»

ГIолеб гIелалда гьоркьор творческиял, вокалиябгун хореографическияб, фольклорниябгун этническиял рахъал церетIурал лъимал ралагьиялъе гIоло, гьединго терроризмгун-экстремизмалде данде чIараб Комплексняиб программаялъул рамкаялда жаниб конкурс тIобитIана гьал къоязда Шамилхъалаялъул ЦКДялда. Гьеб унеб букIана Унсоколо, ЧIарада, Шамил, Гъуниб, Хьаргаби районазул школазул цIалдохъабазда гьоркьоб.

ХIурматиял гьалбаллъун гьеб тадбиралъул рукIана РДШ МАН начальник Е. Байгишиева, (Малая академия наук) МАНалъул гIуцIиялъул отделалъул нач. З. Казбековаги.

Конкурсалъул зоналияб этапалда «Фольклорный танец», «Музыкальное исполнение на национальных инструментах», «Вокальное исполнение» номинациялда лъикIал коллективазе къимат кьуна жюриялъ. Жюриялъул гIахьалчагIилъун рукIана РДялъул культураялъулгун искусствалъул вед. специалистал, гьединго щибаб районалдаса цо-цо вакилги. Жюриялъул комиссиялъе председательлъи гьабуна Унсоколо районалъул культураялъул отделалъул вед. специалист, РДялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан ГI-К. ГIабдурахIмановас. Гьедин «Фольклорный танец» номинациялда тIоцебесеб бакI ккуна Унсоколо, кIиабилеб бакI Хьаргаби, лъабабилеб – ЧIарада районазул гIахьалчагIаз.

«Вокальное исполнение» номинациялда тIоцебесеб бакI ккуна ЧIарада, кIиабилеб бакI гьоркьоб бикьана Унсоколо ва Хьаргаби районаз, лъабабилеб бакI ккуна Гъуниб районалъ.

«Музыкальное исполнение на национальных инструментах» номинациялда тIоцебесеб бакI ккуна Шамил, кIиабилеб – Хьаргаби, лъабабилеб бакI кьуна ЧIарада районазул гIахьалчагIазе.

«Дагъистан-дир гъасито» зоналияб конкурс гIуцIарал З. НурмухIамадовалъе ва Шамильхъалаялъул ДДТялъул директор М-ГI. ГIабдурахIмановасе ГБУ ДОРДалъул рахъалдасан кьуна грамотабиги.



Редакциялде кагъат:

# Киналъухъго баркала

ХIурматиял П. Шихичуева ва ГI. ХIамзатова - № I «Ромашка» ясли-ахалъул тарбия кьолел!

РакI-ракIалъ баркала загьир гьабула, нужее, бажарун бачунеб профессионалияб махщалихъ ва ракI-ракIалъ тIубазабулеб хIалтIухъ. Нужеца кIвахI тун щибаб къойил нижер лъималазда сверухъ гIуцIулеб буго лъималазул бажари борхиялъе данде кколеб ахIвал-хIал. Гьел ругьун гьарулел руго цоцазул адаб-хатир гьабизе, бичIчIи бугеллъун рукIине. Нужер гIакълуялда, лъимаде бугеб кIвар кьеялда бараб буго гьезул букIинесеб. Нужеца кинабго хIажалъулебщинаб гьабулеб буго гьезул берцинаб гIамал-хасият гIуцIиялъе, цебетIезабулеб буго гьитIичазул бажари.

Изну кье ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе камилаб махщалил нужер хIалтIухъ. Гьарула нужее кинабго лъикIабщинаб!

**ХIурматгун Шамсият ХIАСАНОВА – лъимадул эбел**


| | | | |
|---|---|---|---|
| **Газета основана 1937 г.** УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | **Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г. Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.** | **Адрес редакции: 398940 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 51373** | Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21 Подписано в печать - 30. 10. 19 г. 16: 40 фактически -16:50 мин. ....................................... Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз. |